

Pwoteje tèt ou, Florid

Yon èd pou fanmi k ap travay yo

Si anplwayè w ofri w yon asirans sante, men ou pa ka peye pou ajoute rès fanmi w sou menm plan an, pa gen dout, se yon gwo pwoblèm pou ou.

Anvan, si yon moun te ka jwenn yon asirans sante li te ka peye atravè djòb li, rès fanmi li pa t ka jwenn okenn èd finansye pou enskri nan yon plan Affordable Care Act (ACA) sou Marketplace la.

Gouvènman federal la fèk chaje yon règ pou rezoud pwoblèm sa a pou anpil fanmi k ap travay. Konsa, plis moun ka jwenn yon asirans ki pa koute yo twòp anba ACA (oswa Obamacare).



Bon nouvèl la

Yo chanje fason yo detèmine sa ki twòp pou yon moun peye atravè ACA a. Kounye a, manm fanmi anplwaye a gendwa kalifye pou jwenn yon èd finansye. Sa vle di moun ki sou kont anplwaye a gen posiblite pou yo jwenn yon plan ACA ki koute mwens kòb, yon plan ki pa menm ak plan sante anplwayè a ofri a.

Yon pi bon nouvèl toujou

Kounye a, gen plis èd finansye toujou pou ede moun peye pou asirans sante yo. Chèche jwenn bonjan enfòmasyon sou asirans sante pou w ka pran yon bon desizyon, ni pou tèt ou, ni pou fanmi w.



- Gen plis pase 269,000 moun nan eta Florid ki tonbe nan pwoblèm sa a kote rès fanmi an pa ka jwenn asirans.¹
- Nan eta Florid la, yon fanmi ki gen kat moun e ki gen yon revni \$53,000 t ap ekonomize plis pase \$5,000 grasa yon èd finansye.²
- Sou chak 5 moun, genyen 4 ki ta ka jwenn yon plan ki koute mwens pase \$10 chak mwa apre yo resewa yon èd finansye.³

Ale sou **GetCoveredFlorida.com** pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen yo pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje fanmi w grasa yon plan asirans sante.

¹<https://www.kff.org/health-reform/issue-brief/the-aca-family-glitch-and-affordability-of-employer-coverage/>

²<https://www.thirdway.org/report/capping-families-health-care-costs-savings-by-state>

³<https://www.hhs.gov/about/news/2022/06/22/fact-sheet-what-happens-premiums-if-extra-help-american-rescue-plan-expires.html>

Se Florida Blue, yon konpayi endepandan ki jwenn yon lisans nan men Blue Cross and Blue Shield Association, ki bay enfòmasyon sa yo.